


Chè Paran/Responsab Legal Allison,

Nou kontan ba ou rapò sa a sou rannman Allison nan Egzamen Akonplisman nan Anglè kòm Dezyèm Lang nan Eta New York (New York State English as a Second Language Achievement Test, NYSESLAT) nou te bay nan prentan 202 pou tout Elèv k ap Aprann Lang Anglè yo (English Language Learners, ELLs). Rezilta egzamen sa yo bay pou konprann devlopman elèv la nan Lang Anglè. Men, nòt sa yo pa endike tout sa Allison konnen ak sa li kapab fè.

Pou plis enfòmasyon konsènan egzamen sa a, nòm Eta New York yo, ak fason ou kapab ede/GS1 gs /k yo6.31 0 Td962m Eta



POU KORE SIKSÈ ALLISON

Se dwa ou pou w mande pou lekòl pitit ou a bay fòmilè ak materyèl ki tradwi ak yon entèprèt pou lè gen reyinyon yo, si sa nesèsè. Li enpòtan pou w ankouraje pitit ou a fè devwa li yo, patisipe nan klas, epi poze kesyon. Yo rekòmande tou pou paran yo patisipe nan konferans paran-pwofesè pou pitit yo. Anplis konferans paran-pwofesè a (yo), lekòl pitit ou a oblije òganize yon konferans anplis chak ane konsènan devlopman lang Anglè pitit ou a. Epitou, ou ka mande reyinyon anplis pou diskite sou aprantisaj pitit ou a nan lekòl la oswa lòt enkyetid, lè w kontakte pwofesè yo oswa administratè lekòl yo. Men kèk sijè ou ta ka vle diskite:

- Kantite, dire, ak kalite sèvis Anglè kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language, ENL), pitit ou a gen dwa pou l resevwa.
- Diferans ant ENL ak pwogram bileng yo ak disponiblite pwogram bileng yo nan lekòl/distri pitit ou a.
- Pwogram anplis (maten, aprè lekòl, ete, elatriye) pou ede pitit ou devlope nan lang Anglè.
- Kalite sipò pou lang matènèl ke pwofesè yo ap itilize nan salklas la.
- Resous, sit entènèt, ak lòt fason entèaktif ou ka sipòte pitit ou a nan Anglè ak nan lang matènèl yo.
- Pwogrè pitit ou a nan pale, koute, fè lekti, ak ekri.

RESOUS ANPLIS
